***Мцыри***

***Вкушая, вкусих мало меда,***

***и се аз умираю.***

***1-я Книга Царств***

1

Цхьажимма хьалха шерашкахь,

Ши йиша санна мар-марахь,

Куран, Арагван уьйчохь хиш

Гу-лаккхахь лаьтташ яра килс.

Цу агIор-м хIинца а го-кхий

ГIаш вогIу-воьдучунна, ков

Чудоьжна, харцаза шиког,

Ва момсарш, килсан тхевнан дукъ;

Кхин цунна кIел – цу хьарми чу –

Ца хьийза хьожа-аьхна кIур,

Я буьйса-кIоргехь мозгIарийн

Мукъам, вай Деле кхуьйлуш, – кхин.

Цхьа къоьжа къано ву цигахь,

Цхьа са ду ша и, ког кошахь,

Iу хилла херцарийн, и Iа.

ДIахьоькхуш чарташ тIера чан,

Цо хьаьркаш дендо йозанан,

Схьакарладохуш лелла дерш –

Ва хьаьхна дерш, ва аьхна дерш –

Цкъа маццах даржан бехкамо

Са-бІаьрзе винчу паччахьо

Шен халкъ а Россин куьйга кІел

Дигарх, ва Гуьржийчоьнна тІе

Цу Делан беркат хьовзадеш,

И ларъеш вуонах мостагІийн,

Карийна агӀо доттагӀийн.

2

Цкъа лам чохь оьрсийн инарла

Тифлисе охьавогӀура,

Ша цӀетта санна, йийсар деш,

Схьаэцна бер а даладеш.

И бер, ца лайна беха некъ,

Схьагора гIора эшначех,

Пхи-ялх шо кхаьчна хиллал, кхин

Хир доцуш, эрзах эгIазий,

Ва акхий, стешхий, тап масар.

Цо ловра Iазапе лазар,

Са кхобуш доьналлица дайн,

Ца леткъош дош а къера, дайн.

Даарна къуьйлуш бетан гуо,

Са-курра йора дуьхьало,

Шен дегI даахь а мацалло.

Ткъа халбатерчу мозгIаро

Къинхетам орцах баккхаро

Лазарх а хьалхавоккхуш, и

Iан-ваха килсахь висна. И,

Ца кхеташ берийн ловзарех,

Юьхьанца вуьйлуш царна тIех,

ДIалелла тийна-таьIIина.

И къорра, дагна даI дина,

ДIахьежна малх схьакхетачу,

Са лаьтташ кхача дайн цIа чу.

ТIедужуш йийсараллин дукъ,

ДIавоьлла маттах хийрачу,

Iуналла тоьлла мозгIарийн,

Ца довзарна дуьне а кхин,

Дагахь а хилла тоба дан,

ДIакхеташ церан тобанах.

И цкъа-м дIавайра цIеххьана

Гурахь къу-берзан буьйсана.

Схьалоьхуш орцах орцано,

Де кхузза хийццалц буьйсано,

И эххар аренгахь са чохь

Карийра, хьош юха а цу

Ша ведда волччу хьарми чу.

И гIийла вара – деккъа са,

И – хьаьшча санна балхо, я

Мацалло, цхьана цамгаро.

Цо, хаттаршна а инкарло

Еш, хьал шен дора кхин а вуон.

Некъ баьлча лела кхиэлана,

ТӀевеъча мозгӀар кхийлам бан,

Цкъа цуьнга, халла нисдеш дегӀ,

ЛадоьгӀна, эххар цомгашчо

Ца лацабелла деган муо

ДІабостуш, долийра къамел:

3

«Баркалла, варна кхуза хьо

Ас даре дендерг хаза. Со-м

Варийца суо, и далхадеш,

Сайн кийра бассо сагатдеш.

Сох нехан къа-м ца хьирчина

Ас хьуна охьадагардан.

Ткъа хIокху дагардийцаре

Сан дог схьадасталурий-те?

Сан дахар хилла йийсарехь,

И – доца, и – сатийсарехь

ДIадаьлла. Ас, и санна шиъ

ДIаделла, оьцур дара кхин –

Цхьа дуьззинарг, цхьа къегинарг,

Ткъа сайнчо ойла хьегийна,

И йоьлча нIаьнах кийра сан,

И ба́жа, цIарах багабан.

Цу ойлано со, халбате

ДIатесна, хьой са хьоьгуче –

И тархаш мархел лекхачу,

Нах, аьрзуш санна, маьршачу –

Сан хийла буьйса гIайгIанехь

ДIатилла бIаьргийн делхарехь.

И латтий, стигал хезаш ду-кх,

Со къера ву, са хьегна ву,

Сайн дийцар данне доцуш харц,

Ва амма дохковуьйлуш вац.

4

Дукхазза хезна суна ахь

Суо ваккхар лечу киртигах –

Ткъа хIунда? Генах даьккхина

ГIа дуй со-м, гена даьккхина.

Со – сица бер, сайн кхолламехь-м

Со – мозгIар, кхиъна халбатехь.

Сан ала йиш ца хилла цкъа́

И хьоме дешнаш: «нана», «да».

Ткъа хьуна-м лиъна хир ма ду

Со царах, хьоме-хьомсарчу,

Тило кху хьармин гурашкахь, –

Ма эрна! Гуттар сан дагахь

Ду церан аьзнаш, сица сан

Дуьнен чу цхьаьна даьхкина.

Со, нехан даймохк, доттагIий

Ца гуш а ма ца лелла-кхий,

Ткъа лелла со, сайн гергарнаш

Ган хьоьгуш, я – тIехIотта каш.

Ас эххар чIагIо йира, кхин

Ца дохуш эрна бIаьргех хи,

Цкъа маракъовла гергарниг –

Ца вовзарх, цIийца гергарниг –

Сайн гIори-гIоддах, гIайгIане,

Цкъа мацца а, цкъа мукъане.

ДIаяьгна, маржа, ойла и,

ЦIе ха́лар санна хазаллин.

Кху хиэрехь, ваьхна хиллачохь,

Лай санна, байлахь лийр ву со.

Со кошан балех кхоьруш вац:

Са хьегнарг цигахь сема дац,

Цигахь ду шийла, тийна ду,

Ткъа дахар муха дуьтур ду?

Ткъа хьуна девзинерий хьайн

Жималлин цIийца ойла хьáр?

Ца девза я вицвелла хьо,

Хьайн корта безамо дIахьош,

Я дог цабезамо дахьош,

Хьуо лелар, амма – детталуш

И дог, цхьа дийна-детталуш:

ДIахьоьжуш, лекхчу момсар тIехь

Ахь малххий, арей тергалдеш,

Цигахь – и хIуо а цIеначохь –

Цкъа наггахь пенан хари чохь,

Башийна, синна сакхо еш,

ДIатебба кхокха тергалбеш?

И, дагахьбаллам беш ца беш,

ДIадаларх, гIора хьош хьан дIа,

Хьо-м дахар диъна вуй, вашá!

Хьо дицдан хIума хилла ву!

Ткъа со – и данне доцуш ву!

6

Цу паргIатонехь гиначух

Ас дийций? – ЭхI, и башха ду!

Бай-ареш, гунаш, царна тIехь

Гуш дитташ – цхьанаэшшарехь –

Вежаршха теххаш хелхарехь.

Со Іаьржа тархаш гина ву,

Со церан ойла тидда ву:

И суна Дала делла ду!

Хин Іоврийн дозанаша шаьш

Цу гергехь вовшах хьегаеш,

ДІалаьтта уьш, цкъа даггара

ДІаккхета хьаьгна мар-мара.

Ткъа денош чехка оьху дIа,

Шераш а дуьйлу иштта дIа –

Уьш вовшахккхетар йоцуш цкъа́!

Со лаьмнийн баххьаш гина ву,

Цхьа тамашийна – сахуьлуш –

Сатийсам санна цIена уьш

Цу стигла хьалаийалуш.

Ткъа бамбин мархаша а рагI

ДIаоьцу, гIуьттуш даккъашкахь,

ДIагIертош болар малхехьа,

Ша кIайчу олхазарийн жутт

Гулъелча санна, хIуттуш сурт.

Ткъа геннахь, кIайчу дахкарлахь,

Малх лай тIехь сирла богучохь

Схьагора къоьжа и Кавказ;

Сан дог, ладоьгIча цуьнга ас,

ХIун ду а суна ца хууш,

Ша пиллиг санна, детталуш

Дара, цхьа ойла хьийзаш чу,

Цигахь цкъа со а ваьхначух.

Сан иэс а дара деллалуш,

ДIадахнарг дуьхьал далалуш.

7

СхьадуьхьалхIоьттира тхайн цIа,

Тхайн Іин а, цуьнан тогІица

Тхайн юрт а – суьйре йоларехь

Чуерза кечамаш барехь;

ЦІалоьхку чехка реманаш,

Пхьуйн геннахь евза гІовгІанаш,

Чо-къоьжа къаной – беттасехь

Ден цІенна хьалха – пхьоьханехь;

Уьш Іер а – оьзда, гІиллакхехь;

Оцаьргахь, батто хоьрцуш бос,

ГIодъюккъехь шаьлтанаш а го.

И дерриг довра, бIарлагIийн

Я гIенан кхоьлан рагI хуьлий.

Ткъа да сан? ТIеман духарехь,

Ма-варра, дийна, суна тIе

СхьахIуьттуш ма варийца и,

Iу санна дагалецамийн.

И гIагI цуьнан зовдуьйлуш го,

Го тоьпан, херцаш, къега бос,

И юьхь а къармазе цуьнан.

Го къона йижарий а сайн…

Оцеран аьзнех бара-кха

Сан ага тихкина мукъам…

Тхан Іин чохь дара чехка хи,

Ва амма гомха дара и;

Малх лацабелча гІушлакххехь,

Со ловзуш Iара хийистехь,

Со чIегIардигийн ловзаре

ДIахьежна цигахь тидаме,

Уьш, догIа доладалале,

Хих тIемаш туьйсуш, хьийзачохь.

Сарахь-м юха а тхайн цIа чохь

Хуьлий со – буьйса яцлучохь, –

Цкъа маццах лелларш далхадеш,

Цхьа дехха дуьйцучеран теш.

8

Ткъа паргIатонехь диначух

Ас дийций? – ЭхI, ма дуьне ду

Цигахь ас диъна, лайна дерг!

Ткъа дацахьара и кхо де,

Сан дахар гIийла, гIайгIане

Хуьлур-кх, хьан тишчу къаналле

Ца кхочуш. Дикка хьалха ду,

Со хьаьгча хаа, муха ду

Цу арахь, латта хаза дуй,

Дуьнен чу да́ха догIу вай

Я текхо дахар – да́къа лайн?

Цкъа, буьйса йоьлхуш догIанах,

ДIаловчкъа ткъесан кхерамах,

Шу, доьхна, цIенкъахь Iоьхкучохь

Каяьлла, ведда вара со.

Ма маьрша дара дорцехь са! –

И мархаш лоьхкуш бІаьрсица,

И ткъес а лоьцуш куьйгаца…

Сан деган, дорцан даьгначу

Цу доттагІаллал дийна шун

Кху пенаш юккъехь дарий цхьа́

Со Іехаваллал хІума, хІа́н?

9

Со ведда воьдуш – мел, мичахь-м

Хаац-кха – седа стигалахь

Ца гуора, некъах лар тиларх

Со ларван, хилла юкъара.

Со, кийра Iехош – хиларо

Чуоза хьаннийн цIена хIуо –

ДIаихна. Эша доьлча хьал,

Со, дегIе жимма яйта ял,

ЛадугIуш, воьжча бацала,

Лорах сан орца дацара.

ДогIа а сецца, анайист

Схьакъестош дара дехха сиз,

И хедош, хьалаийалуш,

Кортош а лаьмнийн геннахь гуш.

ДIатийна Iуьллуш вара со,

Схьахезаш чагIалкхо Iин чохь,

Ша беро санна, хьоькху мохь,

Я, тIулгаш юккъехь туьйсуш гуо,

Тидам тIеоьзна лаьхьано.

Со кхеравелла-м вацара,

Ткъа лелаш вара нацкъара,

Цу экханах, цу лаьхьанах

Ва терра, ларлуш адамах.

10

Ткъа Iин чохь, кIоргга цу бухахь,

Бартбоцчу аьзнийн йоккха чалх

Ва санна, Iовраш керчаеш,

Хи гIергIаш, гIовгIа яра еш.

И тIулгаш дуьхьалдуьйлу дов

Дара, цу Iоврийн чIагIо ловш,

Цкъа лахлуш, кийчча дIасаца,

Цкъа – хьерайоккхуш гIартата.

Ткъа, гергадалош сахилар,

Хабаршка девлча олхазарш;

Стигаллий, латтий ийначохь

Схьакъеста боьлча дашо бос;

ГIа хьадеш, хьаькхча мела мох,

Iаь гIаттош – аьхна – зезагех;

Ас, цара санна, керла де

ТӀелаца корта айабеш,

Схьагинчо воха-м вира со:

Цу Ӏина йисттехь вара со –

Цу кӀоргехь тулгӀе гӀергӀачохь,

Чу – терхех – тархаш юьссучохь,

Жинан бен, лар а шайна тӀехь

Хиланза. И а – Дала шех

ДӀахердеш, охӀла жоьжхатин

Дан, кхуссуш стиглара чу и.

11

Ткъа суна гуонах Делан беш

Схьагора, бӀаьрса йийсар деш:

Цу бацалахь – цу стиглара

ЧуӀаьнна стелаӀодан лар;

Цу дитташ юккъехь – кIажарех

Чукхозуш, кемсийн таьллангех

СхьахIуьтту тамашийна сурт;

Патарш а церан – чекх са гуш,

Ткъа хилла йолчу хорханийн

Сибат а – лерган чIагарийн,

Цкъа наггахь олхазарийн жутт,

ТIехьаьвзий стешха, юссуш чу.

И дерриг тергалдора ас,

Самонца луьттуш хIора аз.

Оцара, хIора кондарехь

Шабарш деш цхьаьнаэшшарехь,

Цхьа Делан къайле юьйцучух

Тарлора, амма башхачу

Цу аьзнийн Iаламатехь, ас

ЛадегIарх, цхьа́ адамийн аз

Ца хезна, сайна хилла вас

ДIаерзарх дегаIийжаме,

Кхин дисна доцуш, дийцар бен,

Со хIетте а сатийсарехь

Ву иза юхадийцарехь

СхьахIуттур долчу дахаран

Цу бIарлагIах а эца чам.

Цу Iура Iарш а чекх са гуш

Ярийца, кIорга хеталуш.

Сан ойла кхирстира цу чохь –

Малик а схьаган тарлучохь –

Малх хьалабаллалц гIушлакхе,

Хьогалла гIортош сан логе.

12

Хи долчу кхача, кондарех

Катуьйсуш, когаш – тIулгаш тIехь

Байбинна сецош, бердаца

Чувосса гIоьртира со. Са

Цкъа наггахь тоха-м лора сан,

ТIулг когаш кIелхьара бодий,

И ма́са бердах чухьодий;

Лорах шен ойъуш некъан кIур,

И кхиссалора Iинах чу,

ДIакъайлабаллалц хин багахь.

Ткъа со… Со кхозура лакхахь,

Жималло уьйъуш маьрша яхь.

Ткъа охьакхаьчча, цу бухахь

Хи тIера гIуьтту цIена хIо

Сайн юьхь тIе аьхна хьакхаро

Хьогалла чIагIъеш кхин а тIе,

Со бертал вуьйжира хи тIе.

Цхьа аз…цхьа гIийла когийн лар…

Цхьа цIеххьаш хилла уьш хазар,

Ас, куллах вулуш, берда тIе

БIаьрг-сема дуьйгIира сайн лерг.

Ткъа аз, и герга догIу аз,

И гуьржийн йоьIан къона аз,

И дийна, маьрша дека аз

Ма мерза тергалдора ас,

И яккха Iамазчух кхин цIе, –

Ва хеташ, – аьхнаерггий бен.

Цу чолхе йоцчу эшаран

Мукъамца ойла ийра сан.

И хIинца, хIора маьркIажехь

СхьабогIий, бека сан лерехь.

13

КIудалца белшехь гуьржийн йоI

Чуюссуш яра, стешха ког,

Галбаьлла, шаршарх лар а луш,

Шен гIулчех наггахь елалуш.

Къен духар доьхна беркъа дегI-м,

Ша тIома санна, цу басех

Дайделла догIура, ши тIам

ДIатесна тIехьа кхолларан .

ТIе – цунна – IиндагIан дашо

ХIур тевно биллина гарой,

Юьхь тIера алу гIиттарой,

Ва бIаьргаший – бух кIоргачу,

Чохь безаман цIе йогучу, –

ДIаваьхьна ойла яьхначу

Висарна, дагадогIуш кхин

ХIума а дац, кIудал бен: хих

Юзуш, и зевне ма ярий.

Ткъа кхин? – Татий бен, хIума – кхин.

Со меттавеъча даг чу тIех

ЦIий лоьллуш йолчу ойланех,

ЙоI генахь яра, шен мохьо

Ца талхош долчу боларо –

Ша акхтаргах – испайлла дегI,

Дайдинна, меллаша басех

ДIахьош кIудалца белша тIехь.

Ши доттагI санна, IиндагIехь

Ши саьккал къаьстара цигахь,

Басех чулетта хеталуш,

Цхьатерра тIапа тхевнаш гуш,

Цу цхьаннах хьалаийалуш

КIуьран сизалг а хаалуш.

Дуьхьал ду, хIинцца хиллачух,

НеI йоьллуш, ялар йоI дIа чу…

ДIакъовлалуш а иза, го…

Ва амма хир ма даций, хьо

Сан сингаттамех кхиъна, гIо.

Со дийна мел ву, дIа ца туьйш,

Ас, маржа, коша хьур бу уьш.

14

ДIатовжош гIелделла сайн дегI,

Со паргIатваьлча Iиндагlехь,

Лаамза бIаьргнегIарийн мохь

Сайн гIенийн кхиэло базбинчохь

И гуьржийн йоьIан къона васт

Юха а тергалдира ас,

Са-мерза гIуьттуш ойланаш,

Ткъа кийра – юьйшуш гIайгIанаш.

СадеIар кхачош, хIоьттина,

Со самаваьлча, бутт бара

Чухьоьжуш сирла лаккхара.

Цхьа марха а – цу стигалахь –

Бутт хьарчо санна шен марахь,

Лорах тIетебаш цунна, ша

Ижуна санна, саьхьара.

Дуьне – дIатийна, бодане,

Цхьа лаьмнийн дато чечакх бен,

Ва хий бен, бердех детталуш,

Кхин хIумма а ца къасталуш.

Цу саьккал чохь цIе-м яра-кха,

Цкъа марсайолуш, хелаш цкъа.

Ва иштта – буьйса тергалъеш –

Нур седанан а го-кха леш.

Лаарх а, йиш-м сан яцарий

Цу цIа чу гIорта. Некъ сан кхин

Барийца – винчу махка тIе.

Мацаллех ойла къехкаеш,

Сайн нийса къилба лаьмнех деш,

Со ларлуш, лечкъаш, къармаза

Ихира хьуьн чухула дIа,

Цу лаьмнех бIаьрса тилалуш,

Суо виссалц некъ ца харжалуш.

15

Со-м эрна хьере хьийзарий,

Схьаийзош коьллаш коканийн,

Ткъа уьш а – хутал-бацалахь,

Ткъа гуонах – хьун бен яцара,

Чу мел ю, юкълуш кхераме.

Цу коьллийн кондаршкара шен

Эзар эзарза бIаьргаца

Схьакъерзаш буьйса яра-кха.

Со бIаьрзе дIасахьийзира,

Со дитташ тIе а вийлира.

Цигахь а бIаьрге лацалуш,

Цхьа хьун бен, яцара схьагуш.

Со тIаккха лаьтта вуьйжира,

Со къаьхьа охьавилхира,

Сайн бIаьрхиш лаьттан некха тIе,

Тхи санна, довха Iенадеш.

Ткъа нахе орцах кхойкху аз

Хазорах мотт ларбира ас.

Ша экха санна арара,

Со-м хийра варий царна, ткъа,

Ваша́, и осала мохь цкъа

Цо тоьхнехь, Делора ду бакъ,

Сайн мотт бухбоккхур-м бара ас.

16

Со хьуна хьалха кхиъна ву:

Ца хиъна суна, бIаьрхи – хIун?

Цигахь-м ас бIаьргаш, маршо луш,

Белхийра, цхьанна а ца гуш.

И варш а сох ца кхаьрдара,

И бутт а – стиглан Iаьршара.

Ткъа хьалха́ – ирзу гуора, шен

Го маббу лаьтташ буто пен, –

ГIамарлахь корсам яьлла тIе,

Цу беттан серло Iенаш тIе.

Цхьа Iиндаггiий, ши кIегий цкъа

Ирзуна тIехтилира… ткъа

Лорах – цхьа экха, ловзаре

Ва даьлла, дужуш гIамар тIе.

И онда цIокъберг яра, шен

Лар лелаш арахь гIамарийн.

Самукъадаьлла цIийза и

ТIейоьссина а-м яцарий.

Цо доггах даьIахк Iуьйшура,

Цо бIаьрса баттах туьйсура,

ЦIога а ловзош, хьаьгна цIийх.

Чо-мас а цуьнан, беттасих

Нур дохуш, лепара детих.

Ткъа со а вара, шалго-гIаж

Схьаэцна, лата кийчча Iаш,

Са къовса кховсуш даго цIий.

ХIетахь сан некъ барийца кхин,

Ткъа хIинца-м кхетта ваьлла-кхий:

Сайн махкахь цIарца къонахийн

ЦIеяхна со а хинварий.

17

Со хьоьжуш Iара. Бодашкахь

Цхьа мостагI тосавелла, цхьа

Са-гIийла деха цIогIа деш,

УьгIира и. ГIум кегаеш,

Ког хьийкхира цо оьгIазе,

Ткъа тIаккха шина кога тIе

Хьала а иза хIоьттира,

Таба а – лахлуш – тебира,

Со лийр волуш, тIекхетахь и…

Ас цул а хьалха дира и.

Ас тоьхнарг нийсий ва сихий

Хилар ду – тап ша дагаро́ –

Хье беллар цуьнан сан гIожо.

Цкъа аркъалйоьжна адамийн

УгIарца, гIаьттира и, цIий

ДIатуьйсуш, Iенарх чевнан ков,

ТIелоцуш дов, и луьра дов!

18

И суна кхийтира схьа тIе,

Ткъа ас логах чу, хьем ца беш,

ЧутаIIош туьйхира сайн герз,

Цигахь кхин шозза хьовзадеш.

УгIарца тевжира цкъа и,

TIеузуш тIаьххьара шен ницкъ,

Ткъа тIаккха тхойшиъ къовсамехь

Лаьхьарчех вовшах хьаьрчира,

Ши доттагI санна, мар-марахь

Тхо ший а лаьтта хаьрцира.

Цигахь а лийтира-кха тхо,

И цIокъберг санна, дера – со,

Са да́ккхал хьоькхуш акха мохь,

Со-суо а волчух берзалойн,

Ва церан – шиннан – тайпанах

Схьаваьлла хьаннийн тхов кIелахь.

Ган тар ма лора, адамийн

Мотт бицбелла – ца хууш кхин –

Бухбуьйлу, денлуш некха чохь,

Ас хьоькху инзаре и мохь.

Са-гIора хада детталуш,

Сан мостагI-м гуора кхачалуш.

ТIехаьрцаш суна, эххаре

Сацийра цо садеIар шен,

Ши бIаьрг а, аьрта къаьрзина,

ДIахьаббеш гуттаренна а.

Ца толарх, яхь а ца луш кхин,

Ва бакъ тIемало санна, и

ДIатийра марахь Iожаллин…

19

Хьо гуш ву-кх, мIараш тийсина,

Чов-кIорга хIара берина

Сан накха – чевнаш ерзаза,

Я монаш лацадалаза.

ТIехьаккхалц лаьттан тIуьна чкъор,

Ца йоьрзуш, уьш ас коша хьор.

ХIетахь-м, уьш тергал а ца еш,

Сайн бисна ницкъаш тIегулбеш,

Ас варшахь некъ дIабира-кха.

Со кхоллам Iехо гIертара:

Ма эрна! Сох и кхаьрдара!

Со, хьун а эххар кхачалуш,

Схьаваьлча, гIатта ийалуш

Де дара, маьлхан зIаьнаршлахь

Ца къаьсташ седарчех а цхьа́,

И хьун а – денлуш аьзнашлахь,

Цхьа юрт а – геннара схьагуш,

КІур гІитто тхевнех йолалуш.

Цхьа гІугІ хьаьдира тогІи чохь…

ЛадогІа лахвелира со;

ДІатийра мох сацарца и,

Ткъа ас тидамца зийра кхин,

Цкъа гича санна хеташ и –

Сайн бІаьрго лоцуш мел дериг.

Ца кхетадора кхетамо

Юха а сайн набахте со

Схьакхаьчна хилар хьаьвззина.

Сан хьоме хилла къайле ткъа? –

Ас оццул дийнахь ва бусий,

Са дагош, хьегош, гIайгIанийн

Мохь санна, гергахь кхаьбна ерг? –

И эрна юьсуш хилар-те,

Ца диталора даге тIе.

И, суо гIеметтахIоьттинчохь –

Дуьненан чомах кхеттачохь –

Цу нежнийн хьаннийн техкаре

ЛадоьгIуш, синна хилла тем

Ас кошан кIара хьур бу-те,

Сатийсар санна Даймахке,

Шу кхардо доккхуш бахьана? –

И шеко ирча гIан хиларх

Тидар а кхачош, геннара

Цхьа аз деара горгалан.

Хьо маржа! Хийла бераллин

Шерашкахь хезна дара и:

Сан гIенаш мерза-марзлучохь

Цу озо къеставина со

Сайн лаьттах – нах са-маьршачу,

Сайн нахах – хьоме-хьомсарчу,

Цигарчу дойх – са-аьрхачу,

Ва къийсамех а – башхачу,

Ас цхьамма толам боккхучу!

Даго сан, дуьхьал детташ ов,

Ца ла́хь а горгалан и зов,

Со кхеташ-м вара, кхин сайн лар

Даймахка кхочург цахиларх.

21

И кхаж ма суна хьакъ а бу-кх!

Дино а арахь хийрачу,

Вуон бере тосий тӀера чу,

Некъ цӀехьа хоржуш ма хуьлий –

Ва боций, нисса дуьхьалий.

Ткъа цунна хьалха хӀун ю со?

Ас эрна кхеби некха чохь

Син да́гар – гӀора гӀийла дерг,

Я Iехам – хьекъалх тилла берг.

Набахтин лар ю суна тIехь.

Ва иштта хуьлу IиндагIехь

Кхиийна зезаг: цхьалха-шá

Токхийца денош цо а, цхьá

ЗIаьнар ца кхочуш – маьлхан – тIе,

Ца сихлуш маргIал хеца шен.

Къахетий, цхьамма эххар и

Кхоамца беша розанийн

ДIадугIу. Церан хьожа бен,

И тамехь-мерза ерггий бен,

Кхин йоцуш лулахь, – зовкх хьо яI! –

Садаьржа хан а хIутту схьа.

Ткъа йовхо, маьлхан зIаьнаро

Йохьург, ца лов-кха зезаго,

Набахтин хьу шех йоьллачо…

22

Ва иштта йоьллера сан хьех

Къинхетам боцчу дийнан цIе.

Ас корта кхехьарх бацала,

Хуьлуш кхин гIоли-м яцара:

Ша куллан кIохцалх, къийзош хьаж,

ТIехьекхалора декъа гIаш;

СадоьIуш цIерца, лаьтто а

Сан юьхь тIе алу еттара.

Лакхенгахь суйнаш, къегий, леш,

ЧуIенаш тархаш тIера Iаь,

Къорделла, маьлхан кIайн дуьне

ДIатийна Iара набарехь:

Я бецан лекъ а ца хезаш,

Я йилбаздинан цIар-цIар, я

Хин татол, берийн бур-бурехь…

Лаьхьий бен – гӀашлахь шур-шур деш.

Цо, можа букъ а сеттабеш,

ГӀамар тӀехь леррина шен лар

ДӀашершайора меллаша

(Сет санна гуора букъа тӀехь

Дашочу варкъан йозанехь

Тир йигна шаьлтанан и кеп);

Ткъа наггахь, йолий ловзаре,

Шен дегI цо кхолха чIагаре

ТIехьийзадора; тIаккха-м ткъа

Са-бIаьрзе, йовхо Iаьткъина,

И гуора хьийзаш, кхиссалуш,

ДIалачкъа куллах чутуьлуш.

23

Шадерриг дара стигалахь

Ва сирлий, тийний; Iаьнарлахь

Ши лам а геннахь къасталуш,

Цу цхьанна тIехьа, ийалуш,

Вайн хьармин керт а лепаш гуш.

Лахенца хьаьдда доьдура

Ши хи – Арагвай ва Курай,

Шаьш керла гIайреш яьхначохь,

Шаьш церан айраш огучохь

Цу коьллийн орамашна, хиш

ТIекхоьхьуш, йохуш дато йист.

Со царна-м генахь вара-кхий! –

Суо гIатта тохаваларехь

Дуьне а хьаьвзаш бIагорехь,

Мохь тоха воьлча, екъачу

Багах схьа аз ца озалуш.

Со лечу хьолехь вара-кха,

Тиларчу вахна.

Хетара,

Суо Іуьллуш кІоргехь, хин бухахь,

Гуо маббу бода буькъачохь.

Шал-шийла хи а логах чу

Ца Іаббал Іенаш хеталуш,

Ас само йора, набаро

Ца Іехавойла лууш суо…

Ма тамехь дарий хьуна и!

Ткъа дIо цигахь, хин тIехулахь,

И тулгIеш ловзаюьйлучохь,

Оцеран ангалешна чекх

Чукхийда малх а баттал тIех –

Со Iехаварца – буьйлура.

Цкъа наггахь чIерийн жIуга а,

Бос херцаш маьлхан зIаьнаршлахь,

ДIатIехтуьлура. Царах цхьаъ –

ТIе-гуонах хьийзаш, хьесталуш,

Дашочу пиллигашлахь букъ

Схьаоьхьуш бара, бIаьргийн гуо-м

Схьагора, хьаьшна гIайгIано…

Ва амма аз – цхьа инзаре,

Цхьа аьхна, тамехь – сан лере

ТIетеIаш, декадора-кхий

Къамелехь цо, ткъа цкъацкъа и –

Цхьа тамашийна лешарехь

Со Iехо даржош эшарехь.

Цо соьга бохура:

«ХIай кIант,

Висахьа соьца хьо:

Ду хьуна маттов сан кхузахь

Синтеммий, шийла хIой.

*

Хьо сайн йижаршца хелхарехь

Ас юккъе хьовзор ву:

Хьан бIаьргийн серло къагаер,

Хьан са а ойъур ду.

*

ДIатовжа, кIеда бу хьан мотт,

Ю чорда – тIетосург.

Ма аьхна Iуьллур ву-кха хьо,

Ма башха гIенаш гур!

*

Сан хьомениг! сайн дагара

Ас хьох ца лачкъадо,

Со хьаьгна цIенна дередан –

Син мехха веза хьо…»

ЛадоьгIуш вехха Iийра со,

Дашочу чIеран хабаро

ДIаваьхьна, хеташ-мотталуш:

Хи лиэша аз а чIеранчух

ДIаийна, – цо шен шур-шур деш.

Сан гIора эххар кхачадеш,

Сан бIаьргийн са а дайра дIа.

24

Со иштта карийнера-кха…

Кхиндерг-м ткъа хьуна-хьайнна а

Хууш ма дуй. Со ве́ли-кха.

Хьо тешарх, я ца тешарх хьо,

Бен хеташ вац-кха хIинца со.

Кхин гIайгIа ю сан хIинца ерг:

Дайн латта дац сан докъа тIе

Тосур дерг – и талхор а дерг.

Ас текхна бала сица ла́н

Сан цIаро Iовжонверг а цхьа́

Ца ваьр кху пенаш юккъехь цкъа́.

25

Хьо марша Іойла-кха, вашá…

Схьакховдадехьа куьг а хьайн:

Хьажал хьо, догуш ду сан дерг...

Ас жимчохь дуьйна схьа и цIе,

Са дагош, кийрахь сецайи.

Ца йолуш маьрша марса, и

ДIаоьцур ю-кха юха Цо –

Шен нийса рагI еш, дика-вон

Массо а цIарца кхачочо.

ХIун ял хир суна? – деллалург

Хир синна ялсаманин нур…

Цу лаьмнийн баххьаш лекхачохь

Суо жимчохь ловзуш лелла мохк

Масех минотана цкъа ган,

Хьо маржа! – дIа-м лур дара ас

Дуьне а, ялсамани а…

26

Садáла гергавахча со

(Ас дукха хьевийр вац-кха хьо),

Вайн беша ваккхийта со ахь –

Цигарчу кIайчу зазашлахь

Акказийн кондарш йолчухьа.

Цу шинна юккъехь юькъа буц

Ю, хIо а унах цIена ду,

Ткъа малхехь ловзу гIа-патарш –

ТIехьаьрсинчух дашо басарш.

Цигахь ас, тIаьххьара и деш,

Са-сирла деъна сийна де

Кхин цкъа а хьоме тергалдер.

Кавказ а циггара дIа го!

ХIун хаьа, хьовха, гина со,

Шен лаьмнийн баххьашкара хIо

Доуьйтий маршаллица цо…

ДIавоьрзуш, суна гергахьа

Юха а декар хьоме аз!

Ткъа суна эццахь мотталур:

И ваша ву, я доттагI ву,

Кхин йох ца яла шеллучу

Сан юьхь тIехь куьйга хьастам беш,

Цхьа гIийла, лохха мукъам беш –

Сан хьоме Даймохк хестабеш…

ДIатуьйр ву со цу ойланехь,

Ца хьехош цхьа а сардамехь!..»

***Гочйинарг – Ахматукаев Адам***